



FÈY ENFÒMASYON

REZIME

Depatman Transpò Eta Florid (FDOT) deja kòmanse Pwojè amelyorasyon ranp sou wout SR 9A/I-95 ak Pwojè reyabilitasyon pon SR 913/Rickenbacker Causeway Flyover ki nan Miami-Dade County. Pwojè sa yo se 2 pami 3 pwojè byen detèmine ki nan menm zòn nan. Travay konstriksyon pou pwojè wout SR 913/SW ak SE 26 Road Roadway yo ta dwe kòmanse nan otòn 2024. Ou kab jwenn plis enfòmasyon sou tout pwojè sa yo anba la a:

Pwojè amelyorasyon ranp sou wout State Road (SR) 9A/I-95

Ranp nan SR 9/I-95 sou Rickenbacker Causeway ak SW 25 Road
FIN: 443896-1-52-01

Ranp nan SR 9/I-95 Ramp sou SW 8 Street ak SW 7 Street
FIN: 443894-1-52-01

Travay nan arebò wout SR 9A/I-95 soti nan US 1/S Dixie Highway rive nan SW 8 Street
FIN: 443942-1-52-01


Ramp ki mennen plizyè kote sou SR 970/SR 5/ soti nan S Miami Avenue rive sou SE 2 Avenue
FIN: 443890-1-52-01

Pwojè reparasyon pon ki travèse State Road (SR) 913/Rickenbacker Causeway

Travay nan pon ki sou wout SR 913/Rickenbacker Causeway nan direksyon wès ki ale sou wout SR 9A/I-95 nan direksyon nò epi sou wout SR 5/US 1/S Dixie Highway nan direksyon sid
FIN(s): 444801-1-52-01 y 444802-1-52-01

Pwojè wout State Road (SR) 913/SW ak SE 26 Road

SR 913/SW ak SE 26 Road depi nan SW 1 Avenue pou rive nan Rickenbacker Causeway
FIN(s): 445995-1-52-01 y 445995-1-52-02



FDOT pran angajman pou l bay bagay sa yo priorite: pwoteksyon moun, rezistans, rezo distribisyon, teknoloji, ak jesyon anplwaye pou enfrastrikti Eta a, ann akò ak vizyon kominote a epi pou fè fas ak bezwen popilasyon an nan kesyon transpò.



Ranfòse pwoteksyon moun gras a modènizasyon gran wout epi wout apa pou bisiklèt ak pyeton; sa va kreye yon anvivònman ki amikal, epi sa va asire sikilasyon toujou ap woule nan pwèn ki enpòtan yo.



Enstale limyè trafik, balistrad sou bò wout yo, epi byen trase kote pou pyeton travèse lari, amelyore kafou yo, sa va fè gen yon rezo transpò ki gen bon jan pwoteksyon e ki pi an sekirite.



Nan modife drenaj sou wout yo, nan konsève enfrastrikti enpòtan yo pou yo dire pi lontan epi nan fè preparasyon pou pwoblèm ki kab prezante pi devan, se kon sa nou ka reyalize rezistans ki dirab.




Investisman nan wout fasilite depasman machandiz, fasilite sèvis pou popilasyon an, epi sa ede kenbe yon rezo apwovizyonman ki solid epi ki mache byen.



Sistèm transpò ki entèlijan se sistèm teknoloji modèn ki amelyore bon mach enfrastrikti ak pwoteksyon pyeton.



Kolabore ak kontraktè ak konpayi jeni pou rekrite diferan kalite moun, ankouraje devlopman mende nan kominote lokal yo nan endistri transpò a.



Pwojè amelyorasyon ranp SR 9A/I-95

TRAVAY KI DWE FÈT

- Agrandi ranp ki soti sou I-95 pou ale sou SW 26 Rd
- Enstale nouvo limyè trafik nan SW 25 Rd
- Enstale afich sou wout sans inik, tankou limyè k ap flache ak kamera bò limyè trafik pou tout sikilasyon
- Reyasfalte ranp ki rantrè oswa soti sou gran wout yo, ak kote ki mennen sou pon yo
- Fè chanjman nan sistèm drenaj la epi rebati twotwa ki kraze ak rigòl ki sou kote yo
- Mete tout sa yo ajou: limyè trafik, poto sinyal, ak liy ki trase nan lari yo
- Reyasfalte epi retrace wout yo



KALANDRIYE PWOJÈ A
Fevriye 2024 - prentan 2025



VALÈ KÒB PWOJÈ A KOUTE
12.3 milyon dola

Pwojè reparasyon pon ki travèse SR 913/Rickenbacker Causeway

TRAVAY KI DWE FÈT

- Netwaye epi pentire chapant pon an fè a
- Ranplase yon pati nan platfòm pon an beton an sou ranp ki ale nan direksyon nò sou I-95 la epi nan direksyon sid sou US 1
- Ranplase jwenti pou lonje pon an
- Ranplase tras ki make sou wout la ak reflektè ki kole sou wout la



KALANDRIYE PWOJÈ A
Fevriye 2024 - kòmansman 2025



VALÈ KÒB PWOJÈ A KOUTE
3.9 milyon dola

Pwojè wout SR 913/SW ak SE 26 Road

TRAVAY KI DWE FÈT

- Konstwi yon wout bisiklèt soti nan SW 1 Ave rive nan S Miami Ave
- Fè chanjman nan sistèm drenaj la
- Elaji twotwa a sou bò nò wout la
- Enstale pasaj pou pyeton ki byen vizib nan plizyè kote
- Mete siyal pou pyeton yo ajou sou S Miami Ave ak Brickell Ave
- Mete tout sa yo ajou: ranp pou pyeton, pankad sikilasyon yo ak liy ki trase nan lari yo
- Reyasfalte epi retrace wout yo



KALANDRIYE PWOJÈ A
otòn 2024 - ete 2024



VALÈ KÒB PWOJÈ A KOUTE
2.4 milyon dola



ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK Y AP FÈMEN EPI LÒT KOTE POU MOUN PASE

Yo pèmèt pwojè yo fèmen kèk wout epi fè trafik pase lòt kote:

TRAVAY KONSTRIKSYON YO KA MANDE POU YO FÈMEN WOUT SA YO OSWA FÈ MACHIN PASE NAN LÒT WOUT:



LAJOUNEN:

9 è a.m. pou 3 è 30 p.m.

Lasemèn & wikenn
Sou wout Eta yo ak
wout lokal

- **Pwojè amelyorasyon ranp SR 9A/I-95**
- **11 è p.m. pou 5 è a.m.** Vandredi ak Samdi swa pou rebati ranp ki pèmèt machin pase a ak travay drenaj la.

- **Pwojè reparasyon pon ki travèse SR 913/Rickenbacker Causeway**
- **8 è a.m. pou 6 è p.m.** Fèmen ranp endividyèl yo pral aplike pou fè travay reyabilitasyon sou pon anè lwès la.

- **Pwojè wout SR 913/SW ak SE 26 Road**
- **9 è p.m. pou 5 è 30 a.m.** Dimanch – Jedi swa
- **Vandredi, 11 è p.m. rive Lendi, 5 è 30 a.m.** Pandan y ap fè drenaj la.



LE SWA:

9 è p.m. pou 6 è a.m.

Lendi - Jedi

11 è p.m. pou 7 è a.m.

Vandredi & Samdi

Pa bliye kalandriye travay sa a kab chanje akòz move tan oswa lòt ka enprevi.

SI W BEZWEN PLIS RANSÈYMAN

Kontakte **Jeff Baquedano**, *Espesyalis sansibilizasyon kominotè*.

☎ (786) 510-6113 ✉ Jeff.Baquedano@dot.state.fl.us

Ou kab kontakte reprezantan k ap travay sou pwojè sa yo tou.



Eskane kòd QR la pou jwenn aksè fasil nan enfòmasyon pwojè dijital.

RETE
ALÈT

EKIP PWOJÈ A



Pwojè amelyorasyon ranp State Road (SR) 9A/I-95

Milad Mansouri, *Administratè Pwojè*

☎ (305) 640-7456 ✉ Milad.Mansouri@dot.state.fl.us



Pwojè reparasyon pon ki travèse State Road (SR) 913/Rickenbacker Causeway

John M. Garzia, P.E., *Manadjè Pwojè*

☎ (305) 640-7139 ✉ John.Garzia@dot.state.fl.us



Pwojè wout State Road (SR) 913/SW ak SE 26 Road

Ricardo Sargen, P.E., *Administratè Pwojè*

☎ (305) 640-7426 ✉ Ricardo.Sargen@dot.state.fl.us



KÈK KONSÈY KI KA ITIL

- > Deplase pi bonè pou w kab rive kote w prale a.
- > Obeyi tout pankad yo ak limit vitès yo.

TOUJOU METE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE

Pou pwoteksyon ou ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondi machin, lè w ap mache oswa lè w ap monte bisiklèt nan nenpòt kote y ap fè travay sou wout yo.

SEKIRITE
AN PREMYE



Tcheke sit entènèt nou an:
www.southflroads.com

Si w bezwen dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou sit sa a: www.fl511.com



Swiv nou:

@MyFDOTMiami



Swiv nou:

@MyFDOT_Miami



1000 NW 111 Avenida, Miami, FL 33172
Mizajou: Me 2024